

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Sanggeus niténan atawa nganalisis data-data panalungtikan ngeunaan simbol-simbol nu nyampak dina Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh geus ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nya éta:

KC mangrupa tradisi asli masarakat Kampung Wagé, Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan. Masarakat Luragung leuwih museurkeun ieu KC minangka tradisi upacara ritual ménta hujan sabab sipatna sakral, ieu upacara mangrupa wujud paménta masarakat sangkan diturunkeun hujan. Dina prak-prakanna henteu gumantung kana waktu, tapi gumantung kana gejala alam nya éta parobahan musim pangpangna ayana usum halodo panjang. Kaistiméwaan KC aya dina média anu dipaké pikeun ngalakukeun ritual, nya éta bonéka Cingcowong. Bonéka Cingcowong dijieunna tina bubu, sarupaning pakakas keur néwak lauk nu dijieunna tina anyaman awi anu wangunna mirip awak jalma aya legokan béh tengahna, jeung siwur anu dijieuna tina batok kalapa nu dijadikeun bagian hulu bonéka Cingcowong, salian ti éta bonéka tuluy dibajuan sarta beungeutna digambaran persis jalma. Sanggeus sakabéh alat-alat lengkep, punduh ngayakeun ritual husus saméméh pagelaran Cingcowong lumangsung, pakakas nu digunakeun dina ieu ritual mangrupa sasajén sarta parukuyan pikeun ngondang mahluk goib. Kaayeunakeun tradisi KC beuki leungit balukar kamekaran jaman. Ku kituna, sanggar DNR mangrupa sanggar binaan Disbudpar Kabupatén Kuningan ngangkat KC jadi salasahiji seni tari anu diaranan Tari Cingcowong, tujuana pikeun ngajaga jeung ngamumulé kabudayaan nu aya di Kabupatén Kuningan.

Sajarah KC nu kapaluruh dina ieu panalungtikan nya éta mimiti ayana di Désa Luragung Landeuh, Kecamatan Luragung, Kabupatén Kuningan, nu rakét patalina jeung unsur magis nya éta percaya ka roh goib tapi ngan saukur dijadikeun perantara, tujuan kahiji namah neneda ka Allah SWT. KC geus ayana di Kabupatén Kuningan kurang leuwih geus 632 taun. Ieu kasenian

Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

mangrupa tradisi asli masarakat Luragung ti jaman karuhun nepi ka geus diturunkeun kaopat turunan, nepi ka ayeuna nu kiwari mandatna dicekel ku punduh Ema Nawita. Ieu kasenian dijadikeun sarana pikeun hiburan ka masarakat hususna Kabupatén Kuningan kalawan tujuan sangkan bisa tetep dimumulé sarta dipiara.

Pakakas nu digunakeun dina KC nya éta tarajé, samak, sisir, kaca, cenéng (bokor) jeung buyung taneuh. Nu masing-masing miboga peran husus dina ritual ménta hujan. Salian ti éta, aya ogé pakakas anu dipaké dina kontéks sasajén pikeun acara ritual KC, misalna: parukuyan, menyan, congcot, surutu, tangtang angin, gulawatu, jsb.

Dina prak-prakanana, mimitina punduh Cingcowong nyiapkeun sagala pakakas nu rék digunakeundina ritual. Tuluy para pamaén Cingcowong, utamana nu nabeuh gamelan mimiti tatalu (instrumén) bari maca “susuratan” dina jero haté tujuanna sangkan acarana lancar. Punduh ngamimitian ritual ku cara macakeun sababaraha mantra bari dibantuan ku dua urang pembantu punduh. Tuluy sindén nyanyi disambung ku kajadian bonéka Cingcowong kaasupan ku roh bidadari atawa jurig jarian jsb, jiga anu kasurupan. Tuluy aya salasaurang lalaki nu mawa émbér dieusian cai jeung kembang, sarta saterusna diémratkeun ka nu lalajo bari ngucapkeun hujan...hujan...hujan.

Pungsi utama KC nya éta salaku ritual pikeun ménta diturunkeun hujan, sarta mangrupa kapercayaan karuhun ti jaman baheula, tapi kaayeunakeun ukur dianggap mangrupa kasenian.

Salian ti éta, aya simbol-simbol budaya dina KC nu kabagi jadi dua bagian, nya éta simbol-simbol budaya dumasar hasil wawancara ka masarakat Luragung Landeuh, jeung simbol-simbol dumasar hasil analisis sémiotik (Sander Pierce) nya éta ikon, indéks, sarta simbol. Hasil panalungtikan tina wawancara kapaluruh aya 25 simbol budaya. Eta simbol-simbol téh nyangkaruk dina awak bonéka Cingcowong, pakakas sarta sasajén. Tina hasil analisis sémiotik, kapaluruh aya *ikon* 1, *indéks* 11, simbol 19. *Ikon* nu kapaluruh tina KC nya éta

bonéka Cingcowong, sedengkeun *indéks* aya dina pakakas. Simbol budaya nu kapaluruh lolobana tina pakakas sarta sasajén.

Hasil panalungtikan ngeunaan simbol-simol budaya dina KC di Désa Luragung Landeuh, Kecamatan Luragung, Kabupatén Kuningan bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda hususna di SMA Kelas XII, nya éta ku disusunna matéri ajar ngeunaan “Maca bahasan kasenian” pikeun bahan pangajaran maca di tingkat SMA.

5.2 Saran

Sanggeus réngsé ditalungtik, réa pisan mangpaatna Kasenian Cingcowong téh, hususna keur nu nyusun. Salian bisa apal kana simbol-simbol sarta prak-prakanana, panyusun ogé bisa apal kana sajarah Kasenian Cingcowong kalawan leuwih jembar deui. Dipiharep tina hasil ieu panalungtikan bisa nambahan wawasan sarta bisa leuwih reueus kana tradisi kasenian nu aya di Kabupatén Kuningan, Jawa Barat.

Sangkan leuwih mangpaat deui, masarakat Sunda kudu bisa ngamumulé sarta ngajaga budaya karuhun, sangkan tetep tumuwuh sarta nanjeur dina mangsa nu bakal datang. Kitu deui utamana Disbudpar Kabupatén Kuningan dipiharep terus aktif ngamumulé sangkan tradisi Kasenian Cingcowong bisa tetep dijadikeun asét budaya di Kabupatén Kuningan, utamana ku ayana Tari Cingcowong. Ku kituna, ieu Kasenian wajib dipidangkeun kana wangun pangajaran disakola, sangkan pihak guru jeung siswa apal tur bisa ngaprésiasi.